

KESYON YO PLIS POZE: Fèmèn & Efase Dosye Kriminèl nan Florid

YON TI KRAS MOUN KALIFYE POU DOSYE YO FÈMÈN OSWA EFASE

1. **Ki avantaj mwen genyen nan fè dosye mwen fèmèn oswa efase?**

Dapre lwa Florid, ou kapab legalman nye oswa pa vle rekonèt arestasyon ke dosye ki fèmèn oswa efase kouvri. **Men, OU PA KAPAB NYE OSWA PA VLE REKONÈT ARESTASYON AN** si w ap aplike pou chanje estati imigrasyon ou, si ou se yon akize nan yon zafè kriminèl oswa w ap chèche:

- Travay nan yon ajans jistis penal;
- Travay oswa kontra, oswa lisans pa Depatman Sèvis pou Timoun ak Fanmi, Depatman Jistis Jenn Moun, Depatman Edikasyon, yon komisyon eskolè yon distri, yon lekòl aneks, yon lekòl sou chat, yon lekòl prive oswa relijyez, oswa yon antite lokal gouvènmantral ki lisansye etablisman swen sante timoun;
- Travay oswa itilize pa kalte kontraktè sa a oswa moun otorize sa a nan yon pòs kritik ki gen kontak dirèk ak timoun, moun ki gen yon andikap, moun aje, oswa granmoun;
- Travay oswa aksè nan yon pò maritim;
- Admisyon nan Bawo Florid la; oswa depoze petisyon pou fèmti oswa efasman.

AVÈTISMAN: Fèmèn oswa efase dosye ou yo nan Florid **pa** pral gen enpak sou konpayi prive oswa bazdone federal yo. Menm si enfòmasyon dosye kriminèl fèmèn oswa efase, yo ka toujou disponib atravè konpayi prive ki achte enfòmasyon sa yo nan men Leta ak konte yo. Kidonk, patwon ak gwo piblik la ka gen aksè a yo. Enfòmasyon ou yo ka te soumèt tou bay bazdone dosye kriminèl nasyonal la pa Depatman Polis Florid la. Aplikab apati premye jiyè 2006, tout jij Florid pral genyen aksè anliy pou wè dosye ki fèmèn yo.

2. **An jeneral, kiyès ki kalifye pou dosye yo fèmèn oswa efase?**

Yon moun yo PA te jwenn koupab (kondane) antanke adilt, epi ki pa te deja gen dosye fèmèn oswa efase kapab kalifye, men gen anpil eksepsyon, gade repons pou nimewo 3 ak 6. Dapre s. 943.0515, Florid genyen efasman otomatik dosye delenkan, nan laj 24 oswa 26 zan, depandan de antesedan kriminèl ak arestasyon yo oswa kondanasyon antanke adilt; efasman pa petisyon kèk deli apre akonplisman reyisi pwogram dejidirizasyon avan- oswa apre-arestasyon oswa tribinal pou jenn moun yo dapre s. 943.0582; ak, efasman yon dosye arestasyon dapre s. 943.0581, pou moun ki te arete “ilegalman oswa pa erè.”

3. **Kisa ki ka diskalifye dosye m pou li fèmèn oswa efase?**

- Si yo te **deklare ou koupab (koupab antanke adilt)** de yon deli kriminèl, tankou yon deli sikilasyon kriminèl (pa egzanmp, DUI, DWLS), vyolasyon òdonans kriminèl, deli oswa zak deliktye grav.
- Si yo te **deklare ou delenkan (antanke jenn moun) sou akizasyon:** vwadfè (*assault*); zak vyolans (*battery*); tivòl (*petit theft*); pò dam kache (*carrying a concealed weapon*); itilizasyon ilegal ekipman pou detui oswa bonm (*unlawful use of destructive devices or bombs*); ajisman neglijan ak timoun (*negligent treatment of children*); vwadfè oswa zak vyolans sou yon ajan kap aplike lalwa, ponpye, oswa lòt pèsonèl spesifik (*assault or battery on a law enforcement officer, firefighter, or other specified personnel*); zak mechanste sou bèt (*cruelty to animals*); dife (*arson*); posesyon ilegal oswa dechajman yon zam nan yon evenman sponsorize pa lekòl oswa sou lakou yon lekòl (*unlawful possession or discharge of a weapon or firearm at a school-sponsored event or on school property*).
- Si yo te deklare ou koupab (kondane antanke adilt) oswa deklare ou delenkan (antanke jenn moun) pou enfraksyon wa p chèche fenmen oswa efase.
- Si yo te mete w sou pwobasyon oswa kontwol delenkan, men ou te vyole kondisyon kondanasyon an, epi jij la te konvèti “desizyon an sispan” lan an “desizyon jidisyè.”
- Si yo te jwenn ou koupab, plede koupab oswa pa konteste epi gen yon “desizyon an sispan” sou sèten enfraksyon, menm antanke minè. Gade lis enfraksyon ki diskalifye yo nan kesyon nimewo 6.
- Si ou te janm gen yon premye dosye fenmen oswa efase nan nenpòt jiridiksyon (menm nan yon lòt eta). Efasman otomatik dosye enfraksyon adolesan, efasman dosye (divèsyon avan ak apre arestasyon), ak efasman arestasyon “ilegal oswa pa erè” pa konte tankou yon premye dosye efase.
- Si ou genyen yon petisyon pou fèmèn oswa efase aktyèlman an sispan nan yon lòt zafè.
- Si ou genyen yon dosye penal ouvri, si ou sou pwobasyon ou kontwol delenkan, ou dwe fè sèvis kominotè oswa genyen yon obligasyon finansye tribinal te enpoze ki pa egzekite tankou frè oswa restitasyon.

4. **Yo te arete m plizyè fwa men mwen pa te janm kondane pou pou yon krim oswa plede koupab oswa pa konteste, eske mwen ka fè fèmèn tout dosye arestasyon yo?**

No. Moun Florid dezavantaje nan sans sa a. Pou sa ki gen pou wè ak fèmèn ak efase, Florid pa onore konsèp “inosan jiska prèv kontrè.” Menm si yon jiri te akite w de krim yo te akize w yo (deklare non koupab), nan Florid, ou kapab petisyone yon fwa sèlman pou fèmèn oswa efase pandan dire lavi ou, sòf si tribinal la deside ke yon lòt arestasyon gen pou wè direktèman ak premye arestasyon an.

5. Ki diferans ki genyen ant fèmèn ak efasman yon dosye jidisyè? Gade seksyon 943.0585 ak 943.059, Estati Florid (2005).

- Lè yon dosye fèmèn, piblik la pa pral gen aksè a li atravè bazdone gouvenman an. Savledi pi fò anlwaye yo pa pral gen aksè ak enfòmasyon yo. Sepandan, otorite vil, konte, leta ak federal yo, ak ladan yo lapolis ak militè, gen dwa legal pou gen aksè ak dosye jidisyè penal menm si yo fèmèn. Gade “**AVÈTISMAN**” pi wo a.
- Lè yon dosye efase, ajans ki tap gen aksè ak dosye fèmèn an, pap kapab konnen ke enfòmasyon penal te efase nan dosye a, epi li tap gen aksè a dosye a sèlman atravè yon òdonans tribinal. Gade “**AVÈTISMAN**” pi wo a.

6. Jij la te ban mwen yon “desizyon an sispan,” eske mwen kapab fèmèn oswa efase dosye mwen?

Pa tout lè. Si ou plede koubap oswa pa te gen kontestasyon oswa yo te jwenn ou koupab antanke adolesan oswa adilt, epi jij la refize bay desizyon an sou akizasyon w la pou yon nan akizasyon pi ba yo (ak ladan tantativ oswa konplo pou komèt yo), ou pap kapab fèmèn oswa efase li.

- Abi oswa abi grav sou yon granmoun ou yon adilt andikape (*Abuse or aggravated abuse of an elderly person or disabled adult*);
- Zak vyolans domestik jan li defini nan s. 741.28, Stati Florid (*Act of domestic violence as defined in s. 741.28, Florida Statutes*);
- Vwadfè grav/zak vyolans grav (*Aggravated assault/aggravated battery*); Dife (*Arson*); Vòl pa efrakshon (*Burglary of a dwelling*); Vòlè machin (*Carjacking*);
- Vyolans sou timoun oswa vyolans grav sou timoun (*Child abuse or aggravated child abuse*); Pònografi enfòmatak gi gen timoun landan (*Computer pornography involving a child*); Trafik Dwòg (*Drug Trafficking*);
- Detounman avyon (*Hijacking*); Vol pa efraksyon nan kay (*Home invasion robbery*); Omisid (*Homicide*); Itilizasyon ilegal ekzplosif (*Illegal use of explosives*); Kidnaping (*Kidnapping*); Atak oswa zak obsèn, lasif, endesan sou oswa devan yon timoun (*Lewd, lascivious, or indecent assault or act upon or in the presence of a child*); Omisid envolonèt (*Manslaughter*);
- Enfkrasyon fonksyonè ak anlwaye piblik (*Offenses by public officers and employees*); Fwod òganize (*Organized fraud*); Vòl (*Robbery*);
- Zak seksyèl ak timoun, ki gen 12 an oswa plis, men pi piti pase 18 an, sou demann yon moun nan fanmi oswa ki gen gad timoun lan (*Sexual activity with a child, who is 12 years of age or older but less than 18 years of age, by or at solicitation of a person in familial or custodial authority*); vyolans seksyèl (*Sexual battery*), Asèlman kriminèl ak asèlman kriminèl grav (*Stalking and aggravated stalking*); Itilizasyon yon timoun nan zak seksyèl (*Use of a child in a sexual performance*);
- Pwomosyon pou yon timoun komèt zak seksyèl (*Promoting a sexual performance by a child*); Posesyon ak entansyon pou fè pwomosyon foto, fim, egzibisyon, cho, reprezantasyon oswa prezantasyon, tankou zak seksyèl ak timoun (*Possession with the intent to promote any photograph, motion picture, exhibition, show, representation, or presentation, which includes sexual conduct by a child*); ak, Vwayeris (*Voyeurism*).

7. Kisa mwen ka fè ak akizasyon delenkans mwen yo?

Pou enfraksyon delenkans, Florid genyen efasman otomatik (s. 943.0515) dosye delenkans, nan laj 24 oswa 26 zan, depandan de antesedan kriminèl ak akarestasyon oswa kondanasyon antanke adilt; efasman pa petisyon kèk deli apre akonplisman reyisi pwogram dejidirizasyon avan- oswa apre-arestasyon oswa tribinal pou jenn moun yo dapre s. 943.0582; ak, efasman yon dosye arestasyon dapre s. 943.0581, pou moun yo te arete “ilegalman oswa pa erè.”

Remak enpòtan: Si ou te kondane pou yon zak deliktye epi ou vle rejwenn dwa sivil ou, tankou dwa pou vote, ou pral bezwen mande klemans. Sòf si ou te kondane pou yon zak deliktye, ou ka toujou genyen dwa pou vote nan tout eleksyon onivo lokal, leta oswa federal nan Florid menm si ou pa kapab fèmèn oswa efase dosye jidisyè ou.

Dokiman sa a te Elabore nan yon Objektif Edikatif Sèlman epi li pa Reprezante yon Avi Jiridik. Pou Tout Lòt Enfòmasyon, Tanpri Rele Liy Sekou Redampsyon Pwokirè a 305.545.1616.

Konpile pa Carlos J. Martinez ak Carl Young

10 out 2009